

DIGESTIVE MEDICINE ASSOCIATES, LLP

2140 West 68th Street, Suite 300, Hialeah, FL 33016 | 3133 Ponce de Leon Boulevard, Coral Gables, FL 33134
18044 N.W. 6th Street, Suite 102, Pembroke Pines, FL 33029 | 11410 North Kendall Drive, Suite 311, Miami, FL 33176
3650 NW 82nd Avenue, PH 506, Doral, FL 33166
Ph: 305-822-4107 Fax: 305-822-5086 | digestivemed.com

ENSTRIKSYON SUPREP POU KOLONOSKOPI

SENK (5) JOU ANVAN PWOSEDI A:

- Si w ap pran medikaman pou doule ak atrit, pa egzanp: Advil, Motrin, Naproxen, oubyen nenpòt lòt medikaman ki gen aspirin oubyen antikoagulan tankou: Coumadin, Pradaxa oubyen Plavix, **SISPANN PRAN** yo senk (5) jou anvan operasyon w lan.

JOU ANVAN PWOSEDIS LA:

Rejim likid klè TOUT jounen an pou dejene, manje midi ak dine. Likid klè yo enkli; Ji pòm/rezen, Sprite, Gatorade, bouyon poul, Jello (san koloran wouj) ak te. **PA BEZWN MANJE SOLID!!**

1. A 7:00 PM vide yon (1) boutèy 6 ons likid Suprep nan veso a.
2. Ajoute dlo frèt pou bwè jiska liy 16 fwa a sou veso a epi melanje.
3. Bwè TOUT solisyon ki nan veso a nan lespas 1 èdtan.
4. Ou **dwe** bwè de (2) lòt boutèy dlo 16 ons pandan inèdtan kap vini an.

NAN MATEN PWOSEDI A:

Omwen 3 èdtan anvan pwosedè a, repete etap 1-4 yo, epi sèvi ak lòt boutèy 6 ons Suprep la. Asire w ou bwè tout solisyon 16 ons melanje a nan lespas inèdtan epi answit tou de tas dlo 16 ons yo. Sispenn bwè NENPÒT likid 2 èdtan anvan pwosedè a.

- PA pran medikaman pou dyabèt lavèy oswa nan maten pwosedè a.
- Si w ap pran medikaman pou tansyon/ipètansyon, ou **TA DWE** kontinye pran yo jan w abitye fè sa ak yon ti gout dlo.